

Bo beugué ame sayes assuranssous boppes

Boudé danga amé diangoro VIH, lou chi beurri diankonté nga ak ayes diafé diafés bo beugué assuranssou sa bopp, lou mélni assuranssou wérgou yarame wala assuranssou sa doundou. Khome sayes warréf ak sagne sagnes si lou dieume si pache bobou, dina takhe nga meuna khome ayes dokhaline youyes djémeu béty ayes nites. Lolou waroula ame, dichi yoke, meungue ko siweule.



Dama amé diangoro VIH bolé chi beugue ame assuranssou sama bopp, lane la wara déffe?

Wawe: Nites gni amé diangoro VIH, yone maye naléne sagne sagnes ak waréf gnou meuna ame séne assuranssou boppou. Si ponkouyes réwou Espagne, khamlé nanou chi, nite gni amé diangoro VIH, kéne meunou léne béti bounou beugué ame séne assuranssou.

Es que keuyite biye khatime ame assuranssou nite, meune nanou chi dougueule ayes ponkes youyes béti nite kou amé VIH?

Dédéte: Yone lérale na ni keuyite bou nou khatime, dougueule chi ayes ponkes youtes béti nite bou amé VIH, keuyite bobou bakhoule amoule wéroutkaye si yone.

Es que keur gouye diaye ayes assuranssous, meune nama lache khaliss bou gueuna beurri ndakhe dama amé diangoro VIH?

Dédéte: Yone téréna bagnale nite kou beugueu ame assuranssou bopame khakoye tékale ayes diafé diafés you outés ak yone yi bou normal bi ndakhe nite ki dafa amé diangoro VIH, name dafa ame loukwarale gnou bagne ko, té lolou takhe gnou ko koye bagnale, dafa am fou wore fougno téck. Assurance you beurri, si lolou lagnouye diafandikou, pour bagnale nites gni amé diangoro VIH ame ayes keuyitous assurances.

Es que ware nano khamal gniye assurer que amnanou diangoro VIH?

Wawe. Téré binou téré béti nites gni amé diangoro VIH, takhoule boudé yagui woute assurance, nga bagna khamale gnilaye assurer qué ame nga diangorodji. Kiyé assurer ware na khome béppeu diafé diafés boye diangontéle, ndakhe meuna khome noumouye khatimé keuyitou wérgou bila assurance bi di diokhe.

Lane mo meuna ame boudé wakhouma né dama amé diangoro VIH, name ladje nanoumako si lou lére?


Si li euppeu, boudé ndanga lakhe, féne i khibar bou ame sola bou wara khame assurance bi, lolou meune na takhe gnou foke né ndanga beuga djoumblang, té lolou meune na takhe assurance bi fagagal sa assurance bamou raffé.

Boudé dame dieule assurance bala gnouye guisse si mane ké amna diangoro VIH. Ware na khamale gni maye assurer que sama diangoro dji, bignou koye guisse, féke na ma ame sama keuyitou assurance?


Dédéte: Yone maye na qui mome assurance mou siweule wala khamale koumou meunti done, khibar bou dieume si wérgou yaramame. Lolou mo takhe, nite ki amé assurance, té bimou ko amé ba paré, gnou thiyatoule diangoro VIH bimou amé ba paré assurance same, meuna bagna tasse khibar rame wala wakhe dara qui koye assurer.

Lane la meuna déffe, boudé daffa ame béne compagnie assurance daffa takhawe pour bėti nites gni amé diangoro VIH?

Yona maye lana nga siweule ko lache sayes waréffes ayes sayes yéléfes si séne fignouye liguéyé tagnou fagne déglo clients yi. Boudé tontou wounou wala diemou gno safara sa sokhla, meune nga binde béne keuyitou siweule ak lache li nga mome si botaye biye bolé gniye liguéye si assurance ak di dadjalé kopare bou dieume si pension yi. Meune nga déme tamite si kanamou yone, fi mbakhana doné béne pour bolé léne. Bobou yone, dinga solkhla avocat bou laye takhawou.



grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO



¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS
Tel. 93 458 26 41

Dou sounou responsabilité
Khibar yi gnou khatime fi si kéyite bi, soublou wounou chi, sopi khibar gni ngaye diote si sa doctor. Bépeu decisión boye dieule si sa wérgou yaramame, war nga ché wakhe ak gni séne khame khames mache si wérgou yaramame. Khibar yiyes dieume si wérgou yaramame, meuna sopékou si lou gawe.

Boudé binga liré kéyite bi ba paré, gni ngui laye digueule nga sėti sa doctor ak enfiemiére wala nga wognou a gTt-VIH si numéro telephone bi 93 458 26 41 pour thiyatou ndakhe amou khibar you béss.

www.gtt-vih.org

SI TE HA PARECIDO ÚTIL Y INTERESANTE
EL CONTENIDO, COMPÁRTELO.



SUBVENCIONA



GOBIERNO DE ESPAÑA
MINISTERIO DE DERECHOS SOCIALES Y AGENDA 2030

✓ POR SOLIDARIDAD
OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL



Generalitat de Catalunya



Salut/ Agència de Salut Pública de Catalunya



Diputació de Barcelona



Àrea d'Igualltat i Sostenibilitat Social



Ajuntament de Barcelona

COLABORA



ETIS
EQUIP DE TREBALL SOBRE INMIGRACIÓ I SALUT



Vall d'Hebron
Hospital Universitari de Barcelona



eSPiC
Equip de salut pública i comunitària